



Asistans Medikal pou Imigran yo Pral Chanje Apati 1ye Oktòb 2026

**Anpil moun ap toujou kalifye pou Asistans Medikal nan mwa Oktòb la.
Aji kounye a pou montre ou kalifye!**

1. **Si ou gen yon kat vèt, asire w Biwo Asistans Konte a (CAO) gen yon kopi l.** Yo ka pa konnen ou genyen l epi yo ka koupe avantaj ou yo nan mwa Oktòb 2026 la.
2. **Asire w CAO a konnen laj timoun yo ak nenpòt moun ki ansent nan fanmi w.** Règ yo pa chanje pou timoun ki poko gen 21 lane ak adilt ki ansent oswa ki gen 12 mwa apre akouchman. Moun ki kalifye pou Asistans Medikal kounye a ap rete kalifye nan mwa Oktòb 2026.
3. **Chèche lèt ki soti nan CAO a ki poze w kesyon sou sitiyasyon imigrasyon w lan.** Direktè Jeneral la ap kòmanse voye lèt sa yo pa lapòs nan Jen 2026. Si ou resevwa MA pou tèt ou epi ou gen yon estati imigrasyon ki kalifye, ou pral bezwen reponn lèt sa yo pou ou ka kenbe Asistans Medikal ou an Oktòb 2026.

****SONJE****

Si ou pa resevwa MA pou tèt ou oswa si ou resevwa MA pou trete yon ijans medikal sèlman, CAO a pa ta dwe janm mande w sou sitiyasyon imigrasyon w, epi ou pa janm oblije di yo anyen sou sitiyasyon imigrasyon w.

4. **Fè apèl tousuit kont avi ki fè konnen yo pral sispann Asistans Medikal ou a.** Lè CAO a fè yon erè, yon apèl se prèske toujou pi bon fason pou fè repara l.
5. **Jwenn èd nan men yon avoka si ou bezwen sa.** Règ yo sou kalifikasyon imigran pou MA yo bay konfizyon, epi CAO a fè erè souvan. Yon avoka ka ede w. Ou ka vin nan Sèvis Legal Kominotè a pou jwenn èd si w ap viv nan Filadèlfi. Deyò Filadèlfi, jwenn pwogram èd legal lokal ou a: <https://palegalaid.net/find-legal-help>.

OU BEZWEN ÈD LEGAL? Ale nan admisyon CLS pou avantaj piblik yo.

- Kite yon mesaj vokal pou nou (215-227-2400) Lendi ak Mèkredi, 9am-12pm
- Vin nan biwo nou an (1410 W Erie Ave) nan Madi ak Jedi, 9am-12pm

Gen kèk imigran ki p ap kalifye nan mwa Oktòb la.
Prepare w kounye a si ou ta pèdi Asistans Medikal nan mwa Oktòb la!

Sèvi ak MA ou a si ou genyen l

Gen kèk imigran ki kalifye pou MA anvan 1ye oktòb 2026 ki p ap kalifye pou MA apre 1ye oktòb 2026. Si ou gen MA kounye a, men kèk bagay ou ka fè pou pwoteje tèt ou nan ka ou ta pèdi MA nan mwa Oktòb la.

1. **Jwenn swen medikal anvan 1ye oktòb 2026.** Plis ou ka itilize MA ou anvan 1ye oktòb 2026, se plis l ap pi bon.
2. **Renouvèlman preskripsyon** anvan 1ye Oktòb 2026.
3. **Jwenn ekipman medikal** (kèk bagay tankou aparèy pou mache, baton, materyèl pou dyabèt ak lòt maladi) anvan 1ye Oktòb 2026.
4. **Jwenn klinik sante gratis/ki pa koute chè ou ka itilize si ou pèdi MA.** Chèche lyen sa a oswa eskane kòd QR a sou telefòn ou:
www.phila.gov/documents/list-of-federally-qualified-health-centers/.



Tank règ sa yo ap chanje, n ap aprann plis epi n a mete sit entènèt nou an ajou: clsphila.org.

OU BEZWEN ÈD LEGAL? Ale nan admisyon CLS pou avantaj piblik yo.

- Kite yon mesaj vokal pou nou (215-227-2400) Lendi ak Mèkredi, 9am-12pm
- Vin nan biwo nou an (1410 W Erie Ave) nan Madi ak Jedi, 9am-12pm